

## **POU DIFIZE IMEDYATMAN**

KONTAKTE: Rykia Dorsey

202-225-2201

### **DEPITE WATERS TRAVAY AVEK KOLEG LI YO POU SISPANN VYOLANS POLITIK ANN AYITI, ENKLIE DISPOZISYON NAN RAPO OPERASYON LETA AK ETRANJE POU ANE FISCAL 2020**

**Washington (10 jen 2019)** - Depite Maxine Waters (CA-43), Prezidan Komite sou Sèvis Finans nan Chanm Reprezantan la, apre li te fin retounen soti nan yon vwayaj an Ayiti pandan ke li te wè prèv vyolans politikman nan men gang swadizan afilye ak gouvènman ayisyen an, te travay ak Depite Barbara Lee (CA-13) pou asire ke lang ki adrese kriz politik la an Ayiti te enkli nan rapò akonpaye Leta a—Legislasyon Operasyon Leta ak Etranje pou ane fiskal 2020. Depite Lee, nan kapasite li kòm yon manm nan komite afektasyon House la, te ede negosye lang lan, ki eksprime enkyetid gwo sou ajitasyon sivil ak espesifikman mansyone ensidan nan La Saline nan Novanm 2018, ki enplike swadizan abi dwa moun ak boule kay rezidan yo. Lejislasyon Operasyon Leta ak Etranje a te apwouve pa Komite a Afektasyon, ansanm ak rapò ki te akonpaye li a, sou 16 me sou yon vòt nan 29 a 23<sup>1</sup>, epi yo pwograme pou konsiderasyon nan Chanm Reprezantan la semèn sa a.<sup>2</sup>

"Pandan dènye vwayaj mwen an Ayiti, mwen te sezi aprann de masak la ak boule kay nan La Saline ak lòt prèv ki montre ke te geyen vyolans politikman motive, e mwen pwofondman detounen pou akizasyon yo ke gouvènman ayisyen an te ka patisipe," Depite Kongrè a te di. "Mwen remèsyé zammi ak koleg mwen an, Depite Barbara Lee, pou travay li te fe pou li te mete lang sa a nan rapo ki akonpaye Legislasyon Operasyon Leta ak Etranje pou abode kriz ijan sa a.

Rapò ki akonpaye Leta a, Pwopozisyon Lwa Afektasyon, nan jan yo apwouve Komite a Afektasyon, gen ladan lang sa a konsènan kriz la an Ayiti:

"Komite a trè konsène pa ajitasyon sivil an Ayiti. Komite a espere ke Sekretè Deta a ak Administratè USAID sipòte dyalòg ki vize pou rezoud kriz politik la epi asire ke eleksyon kap vini yo transparan ak enklizif. Komite a se sitou konsène sou ensidan yo nan mwa Novanm 2018

---

<sup>1</sup> "Appropriations Committee Approves Fiscal Year 2020 State and Foreign Operations Funding Bill", House Committee on Appropriations, May 16, 2019, <https://appropriations.house.gov/news/press-releases/appropriations-committee-approves-fiscal-year-2020-state-and-foreign-operations>.

<sup>2</sup> "Floor Schedule Update for the Week of June 10, 2019," Majority Leader Steny Hoyer, <https://www.majorityleader.gov/content/floor-schedule-update-week-june-10-2019>.

nan La Saline, ki gen ladan swadizan abi dwa moun ak boule kay nan zòn nan. Komite a ankouraje Gouvènman d'Ayiti pou adrese plent nan peyi a, ki enkli aksè lojman. Komite a ankouraje pwovizyon de sipò teknik pou envestigasyon apwofondi ak endepandan nan tou de akizasyon yo nan koripsyon ak vyolasyon dwa moun. <sup>3</sup>

Rapò a gen ladan-l tou dispozisyon adisyonèl sa a ki kondisyone asistans etranje Etazini pou gouvènman santral d'Ayiti a sou pwogrè nan direksyon pou refòm:

"Ayiti. - Dapre seksyon (c), yo ap kenbe lajan pou asistans pou gouvènman santral d'Ayiti amwenke Sekretè Deta a sètifye ak rapòte ke Gouvènman an nan peyi d'Ayiti ap pran etap sa yo: (1) ranfòse règ lwa nan chwazi transparan jij ki baze sou merit, redwi detansyon pre-jijman, respekte endepandans la nan sistèm jidisyè a, ak aplike refòm ki ogmante transparans ak responsabilite ki enkli kòd penal ak kriminèl la; (2) konbat koripsyon ki enkli aplikasyon lwa anti-koripsyon 2014 la ak pouswiv devan lajistik ofisyèl koripsyon; (3) ogmante revni gouvènman an, atravè refòm taks, ak ogmante depans sou sèvis piblik; epi (4) rezoud konfli komèsyal ant antite Ameriken yo ak gouvènman an nan peyi d'Ayiti. <sup>4</sup>

Depite Waters te dirije yon delegasyon an Ayiti nan 24 avril 2019, pandan ke li te wè evidans nan vyolans politikman ki motive nan La Saline ak katye ki tou pre. Delegasyon an te rankontre ak moun ki abite nan kominote sa yo, ki dekri yon seri de atak brital sou sis mwa ki sot pase yo, ki te fet nan men swadizan gang y lapolis ki afilye avek gouvènman an.

Lè yo retounen Etazini, Depite Waters te diskite sou kriz politik Ayiti ak Depite Lee, manm Komis Kongre Nwa (CBC) a, ak lòt manm ki konsène nan Kongrè a, e yo te dakò pou yo travay ansanm pou pouswiv jistis pou moun Ayiti yo.

Plis detay sou vyolans lan nan La Saline te sifas depi Depite Waters te vizite a. 15 me, *Miami Herald* te rapòte ke, pandan yon peryòd kat jou nan La Saline sou Nov 13-17, 2018, "fanm yo te vyole epi limen sou dife, epi menm bagay la te pase yon ofisyè lapolis" ak "neg, fanm, menm timoun ki te gen Selman 4 an yo te tire nan lanmò, epi ko yo te lage tankou manje bay chen ak kochon. "Anplis de sa, gwoup lokal dwa moun estime kantite lanmò nan masak la ant 15 ak 71 moun. *Miami Herald* lan te rapòte ke yon envestigasyon polis te konfime patisipasyon ofisyèl gouvènman nan nivo wo nan masak La Saline, e li te montre ke yon zam ki te itilize nan masak la soti nan Palas Nasional la.<sup>5</sup>

###

---

<sup>3</sup> "State, Foreign Operations, and Related Programs Appropriations Bill, 2020", House of Representatives, <https://appropriations.house.gov/sites/democrats.appropriations.house.gov/files/FY2020%20SFOPs%20Filed%20Report%20-%20HR%202839.pdf>, Report 116-78, pages 122-123.

<sup>4</sup> "State, Foreign Operations, and Related Programs Appropriations Bill, 2020", House of Representatives, <https://appropriations.house.gov/sites/democrats.appropriations.house.gov/files/FY2020%20SFOPs%20Filed%20Report%20-%20HR%202839.pdf>, Report 116-78, page 122.

<sup>5</sup> "Dozens brutally killed, raped in Haiti massacre, police say. 'Even young children were not spared'", Jacqueline Charles, *Miami Herald*, May 15, 2019, updated May 17, 2019, <https://www.miamiherald.com/news/nation-world/world/americas/haiti/article230380739.html>.